

**TINDAK TUTUR TAKON TEMPORAL
ING DUSUN BALONG, DESA GERIH, KECAMATAN GERIH, KABUPATEN NGAWI**

Muslikhul Hadi

S-1 Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
muslikhulhadi@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M. Si.

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Tindak tutur takon temporal isih durung ana sing nliti kanthi mligi lan gamblang. Sawenehe panliten, kapustakan utawa artikel ilmiah mung ngandharake lan njlentrehake minangka bagean saka takon. Takon mujudake jinis tindak tutur ngajak Mt kanthi cara bebarengan (*kolektif*) nylarasake (*komitmen*) kanggo nggolek panemu. Saka kana bisa ditemokake kaweruh/wawasan lan ukara kang nuntasake perkara kang ditakonake (Fingo. 2015:8). Panliten iki nduwe undheran nggoleki lageyane penutur lan pananggape mitra tutur ing tindak tutur takon temporal ing desa Balong, Desa Gerih, Kecamatan Geih, Kabupaten Ngawi. Panliten iki klebu panliten pragmatik kang nganalisis pacaturan adhedhasar konteks. Asile panliten ngenani lageyane panutur dijupuk makna temporal kang dibage adhedhasar nyatakake wektu wingi, saiki, lan tembe. Jinis panliten iki deskriptif kualitatif, cara nglumpukake dhata mawa teknik semak lan wicara. Cara njlentrehake dhata kanthi metodhe kategoris, teks, lan konteks. Cara nyuguhake panliten kanthi dheskriptif lan informal.

Jinis TTTT adhedhasar lageyane panutur diperang dadi rolas, yaiku (1)blaka langsung nyatakake wektu wingi, (2) blaka langsung nyatakake wektu saiki, (3)blaka langsung nyatakake wektu tembe, (4)blaka ora langsung nyatakake wektu wingi, (5)blaka ora langsung nyatakake wektu saiki, (6)blaka ora langsung nyatakake wektu tembe, (7) ora blaka langsung nyatakake wektu wingi, (8)ora blaka langsung nyatakake wektu saiki, (9)ora blaka langsung nyatakake wektu tembe, (10)ora blaka ora langsung nyatakake wektu wingi, (11)ora blaka ora langsung nyatakake wektu saiki, lan (12)ora blaka ora langsung nyatakake wektu tembe. Dene pananggape mitra tutur kabage dadi loro yaiku (1) wangsulan nuduhake, lan (2) wangsulan nylarasake.

Tembung wigati : tindak tutur takon temporal, lageyan panutur, pananggap mitra tutur, konteks pacaturan

PURWAKA

Landhesane Panliten

Tindak tutur takon temporal ing Basa Jawa sasuwene durung ditliti kanthi mligi. Kapustakan pragmatik apadene semantik sing ngandharake tindak tutur miligine tindak tutur takon temporal mung dirembug kanthi umum, durung nganti tekan titikan lan pamerangan luwih jangkep. Lumrahe, takon iku dingerteni minangka sawijine tuturan kang digunakake kanggo nyatakake tindak tutur ora blaka utawa tuturan samudana. Kayata tindak tutur mrintah, ngincim, nampik lan liyane kanthi ora langsung kang diandharake kanthi takon nggunakake tuturan pitakon, ing bukune Wijana (1996), Ibrahim (1993), Rahardi (2005), Nadar (2009), lan Yule (2014).

Tindak tutur takon temporal kerep digunakake ing bebrayan kanggo nggolek weruh ngenani wektu kang dadi dununge kedadean. Takon temporal wujud tuturane arupa

pitakon wektu utawa wayah kang nduwe tujuwan kanggo njaluk mitra tutur nanggepi kanthi jawabane. Pawongan kang takon wektu saka pamawas isine nengenake perkara wektu kang gayut kedadean tertamtu. Carlota (1997: xiii) informasi temporal sajrone tuturan gayut karo ngandhakake kedadean sajrone dununge wektu, kanthi wujud baha sajrone konvensi pragmatis. Tuturan wektu kang kinandhut sajrone takon tertamtu dipangribawani konteks. Konteks nduwe papan kang penting ngaweruhi kahanan pacaturan utamane ing nglaksanakake tindak tutur takon temporal. Konteks sajrone pacaturan kasebut ing antarane: identitas penutur lan lawan tutur, sesambungane penutur lan lawan tutur sarta kahanan lan wektu dumadine cecaturan. Mula saka kuwi bisa dikandhakake yen saben tuturan nduwe maksud kang beda-beda gumantung konteks.

Miturut Smith (2006), Papan kedadeyan sajrone lelabuhan wektu ing tuturane penutur minangka punjere cecaturan. Tindak tutur takon temporal kasebut ngeni menyang wektu kang wis dumadi, wektu kang lagi kedadeyan, lan wektu kang bakal teka utawa tembe. Panganggane tembung ing tuturan takon wektu kasebut adhedhasar saka kahanan wektu (*situation time*), tuturan wektu (*speech time*), lan rujukan wektu (*referenc time*). Kanggo nggoleki makna temporal sajrone tuturan minangka wewates isine tuturan gayutan karo: tuturan wektu (*speech time*) karo rujukan (*referench time*), serta rujukan wektu (*referense time*) karo tindakan (*act*) (Smith, 2006: 93). Sesambungan karo anane konteks pacaturan nuwuhake jawaban tertamtu. Tuturan kapan wektu budhal Surabaya kasebut, bisa ditegesi takon mitra tutur kang bakal budhal menyang Surabaya ing wektu tembe, nanging bisa uga nakokake kedadean kang wis kliwat. Implikasi makna kang ana sajrone takon temporal nduwe titikan kang mligi.

Panliten Tindak tutur takon temporal iki bakal dilaksanakake ing Kabupaten Ngawi mligi ing masarakat Dusun Balong, Desa/kelurahan Gerih, Kecamatan Gerih, Kabupaten Ngawi. Undherane panliten iki yaiku apa wae lageyan panutur ing TTTT lan apa wae pananggape mitra tutur ing TTTT. Panliten iki diujub bisa manpangati kanggo panliten basa Jawa mligine ngenani tindak tutur takon temporal kanggo para pamarsudi basa Jawa ing wektu sabanjure.

Undhere Panliten

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur, kang dadi punjere panliten iki yaiku tindak tutur takon temporal. Sabanjure, kang dadi undere panliten yaiku apa wae lageyane penutur lan pananggape mitra tutur ing tindak tutur takon temporal ing Dusun Balong, Desa Gerih, Kecamatan Gerih, Kabupaten Ngawi.

Tujuwane Panliten

Adhedhasar undhere lan punjere panliten ing dhuwur, kang dadi tujuwane panliten ing kene kanggo ngerteni lageyane panutur lan pananggape mitra tutur ing

tindak tutur takon temporal ing Dusun Balong Desa Gerih, Kecamatan Gerih Kabupaten Ngawi.

Paedahe Panliten

Asil panliten iki ngenani lageyan panutur lan pananggape mitra tutur ing tindak tutur takon temporal sajrone nindakake pacaturan saka tindak tutur takon. Asile panliten iki nduwe paedah teoritis lan praktis. Paedah teoritis, panliten iki nambah pirembaran ngenani panliten pragmatik lan smantik sadurunge. Dene paedah praktis minangka panjangkep kapustakan lan kanggo materi nyinaoni tindak tutur utamane ing tindak tutur takon temporal.

Panjentrehe Tetembungan

Tetembungan kang dianggo ing panliten ing, ing antarane;

- 1) Tindak tutur takon mujudake jinis tindak tutur ngajak Mt kanthi cara bebarengan (*kolektif*) nylarasake (*komitmen*) kanggo nggolek panemu. Tindak tutur yaiku satuwan paling cilik sajrone pacaturan. Bedane takon karo tuturan liya ana ing cara lang fungsi. Dikandhakake Fingo (2015: 170-171) ana tindak tutur ngongkon lan tindak tutur takon, kalorone padha-padha njaluk nanging bisa dibedakake saka carane njaluk samubarang lan mesen kanggo njaluk jawaban ing tanggapane mitra tutur.
- 2) Takon temporal, salah siji jinise takon kang isine gayutan karo wektu lan dumadine kedadean. Slaras karo Ricards lan Richard (2002) sajrone Abdul lan Qosim (2015: 270) takon iku tuturan kang ditujokake marang mitra tutur utawa pamaca kang tujuwane njaluk panemu sawijine kanyatan (*expretion fact*), tanggapan, kapercayan lan sateruse. Dene, Makna temporal sajrone tuturan takon temporal gayut karo relasi temporal lan kahanan temporal. Carlota (1997: 98) ngandharake kanggo nafsirake temporal sajrone tuturan mbutuhake telung prinsip, antarane tuturan temporal, eneran temporal, kahanan temporal.

Tuturan temporal dumadi saka wujud surasa tuturan panutur, relasi temporal dumadi saka anane kala lan katrangan temporal, dene kahanan temporal mujudake pathokan dumadine pacaturan.

- 3) Lageyane panutur, yaiku pawongan kang nindakake tuturan ing tindak tutur. Panutur ngandharake tindak tutur kanggo ndungkapake kekarepan. Lumantar tuturan, panutur bisa martakake, mrintah, ngandarake pangrasa lan sateruse. Lageyan panutur ing tindak tutur takon bisa adhedhasar blaka utawa ora blaka lan adhedhasar cara ngandharake tuturan kanthi langsung utawa ora langsung.
- 4) Pananggape mitra tutur, yaiku wangsulan utawa menahi piwales saka olehe ngerteni isine tuturan. Piwales bisa arupa lisan utawa solah. Ing tindak tutur takon pananggape mitra tutur arupa wangsulan kanggo nuduhake utawa nylarasake.
- 5) Konteks pacaturan, Searle (1972) sajrone Nadar (2009: 15) ngandharake yenta konteks mangribawani interpretasi saka olehe penutur serta mitra tutur. Brown lan Levinson (1987) daya pangribawa kuwi bisa dumadi saka Jarak sosial (*Sisoal distance, D*), kewenangan relatif (*relative power, P*), lan tingkat imposisi saka tuturan (*absolut ranking of imposition, R*).

METODHE PANLITEN

Andharan ing bab III iki ngenani (1) ancangane panliten, (2) ubarambe panliten, lan (3) tatacara panliten. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Ancangan Panliten

Ancangan panliten utawa kang dadi titikan diperang dadi loro, yaiku: jinise panliten lan sipate panliten. Jinis panliten iki yaiku diskriptif kualitatif. Panliten diskriptif mujudake panliten kang dilaksanakake adhedhasar kanyatan utawa dumadi kanthi empiris saka penutur-penutur, saengga asile arupa *perian* basa kang lumrah utawa apa anane. Djayasudarma (2010) lan

Sudaryanto (1988) ing panliten basa lisan sesambungan antarane tuturan sajrone pacaturan gayut karo apa kang diarani informan, yaiku warga asli kang mukim. Manut dhata lan konsep panliten tindak tutur, panliten iki bisa uga diarani panliten etnografi komunikasi.

Sipat panliten iki njlentrehake dhata adhedhasar undhere lan tujuwane panliten. Panliten deskriptif nuduhake titikan, sifat-sifat, serta gambaran saka pamilihe dhata, dadi andharan lan jlentrehan dhata adhedhasar watak lan dhata. Djayasudarma uga ngandharake, batas panliten kualitatif, salah sijine yaiku netepake punjer kang luwih jeru anane interaksi panliti karo punjer panliten, tujuwane kanggo luwih nemtokake wewates panliten (Djayasudarma (2010: 19-20). Panliti kudu ngerteni apa sing dadi underane panliten, lelandhesan teori, modhel panliten, tata cara ngumpulake dhata, cara njlentrehake, lan panyuguhane asil panliten.

Ubarambene Panliten

Ubarambene panliten ana papat, yaiku: (1) dhata panliten, (2) sumber dhata panliten, (3) instrumen panliten, lan (4) papan panliten. Panjlentrehane ubarambene panliten kaya mangkene.

Dhata lan Sumber Dhata

Dhata sajrone panliten iki arupa tuturan sajrone cecaturan antarane warga Dusun Balong, Desa/Kecamatan Gerih, Kabupaten Ngawi. Dhata sajrone panliten TTTT yaiku dhata primer amarga awujud tuturan, dudu dhata sekundher sing awujud tulisan. Adhedhasar cara sajrone nglumpukake, panliten iki nggunakake dhata primer, yaiku dhata kang dikumpulake lan diolah dhewe karo panliti kanthi langsung saka objeke (Sudaryanto, 1988: 26).

Sumber dhata yaiku papan dununge dhata panliten. Sumber dhata ing panliten pragmatik yaiku tuturan sing diaturake panutur lan mitra tutur sajrone cecaturan (Nadar (2009:107)). Sumber dhata ing panliten pragmatik yaiku dhata lisan. kamangka sumbere dhata ing panliten iki yaiku arupa cecaturan warga Dusun Balong, Desa Gerih, Kecamatan Gerih, Kabupaten Ngawi kang dijupuk utawa dicathet saka cecaturan langsung.

Instrumen Panliten

Instrumen ing panliten iki kaperang dadi loro, yaiku: instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti dhewe sing nggolek dhata, njlentrehake, lan nulis panliten iki. Instrumen panyengkuyung ing panliten iki yaiku alat utawa piranti kanggo observasi panliti mudhun ing papan panliten.

Papan Panliten

Panliti ndadekake salah siji dusun ing Desa/Kelurahan Gerih minangka papan nglaksanakake panliten, yaiku Dusun Balong. Tlatah Gerih dumadi saka 366, 80 hektar mujudake lemah sawah lan 502,15 lemah dudu sawah. Pemukiman 167,90, kawasan industri 69, 70, lan liya-liya 31.60. Jumlah dusun ing Desa Gerih dumadi saka wolung dusun, salah sijine Dusun Balong kang dumadi saka 3 RW lan 10 RT (TIM BPS Kabupaten Ngawi. 2018). Panliten iki dilaksanakake ing Dusun Balong Desa/Kecamatan Gerih, kang manggon ing sisih kidul wewatesan karo Kabupaten Magetan. Arah-arahe saka dalan gedhe Maospati-Ngawi-Solo, saka Pasar Keras ngulon wetara limang kilometer. Papan iki dipilih karana wargane nduwe basa kang mligi lan kalebu basa Jawa Mataraman.

Tata Carane Panliten

Subbab tata carane panliten iki diprinci dadi telu peprincen, yaiku: (1) carane nglumpukake dhata, (2) carane njlentrehake dhata, lan (3) carane nyuguhake asil jlentrehane dhata.

Carane Nglumpukake Dhata

Panliten iki sajrone nglumpukake dhata nggunakake rong metode, yaiku (1) metode semak lan metode cakap. Sudaryanto (2015:203-211) mrinci metodhe semak dadi lima, yaiku teknik sadhap, *simak libat cakap (SLC)*, *simak bebas libat cakap (SBLC)*, teknik rekam, lan teknik cathet. Dene metodhe wicara (cakap) ana papat, yaiku teknik pancing, *teknik cakap semuka (TCS)*, *teknik cakap taksemuka (TCTS)*, teknik

rekam, lan teknik cathet. Teknik-teknik kasebut ana teknik kang asifat dhasar lan asifat lanjutan.

Metode semak iki digunakake kanggo njaring dhata kanthi cara ngrekam utawa sadhap, simak libat cakap, simak bebas libat cakap, teknik sadhap, lan teknik cathat. Sajrone nindhakake penjaringan dhata, metode simak diwujudake lumantar teknik dhasar lan teknik lanjutan. teknik dhasar metode simak nggunakake teknik sadhap, dene teknik lanjutan nggunakake teknik Simak Bebas Libat Cakap (SBLC). Metode cakap diperlokake yaiku kanthi cara ngadhakake cecaturan. Cecaturan ing kene dilaksanakake penliti karo para penutur kang dadi narasumber. Dhata sing wis diklumpukake diklumpukake diadakake klarifikasi, adhedhasar Lageyane P lan pananggape Mt. Lageyan lan pananggap kasebut diuwuhi konteks kang isine adhedhasar jinis kelamin, umur, drajat status ekonomi sosial, sesambungan antarane P lan Mt lan papan/wektu.

Carane Njlentrehake Dhata

Dhata sing wis diklumpukake sajrone panliten iki banjur dijlentrehake nggunakake metodhe kontekstual, yaiku metode kang nganalisis dhata kanthi ndasarake, nggayutake, lan nylarasake karo konteks-konteks kang ana. konteks ing kene mujudake papan basa kasebut digunakake ing sawijine papan. Papan ing kene mujudake papan fisik lan nonfisik utawa papan sosial. papan fisik ing tuturan iku diarani koteks, lan papan sosial kasebut diarani konteks. Wijaya ngandharake, konteks ing ilmu praktik mujudake sekabehane kang nglandhesi kaweruh kang dipahami penutur lan mitra tutur (Wijaya sajrone Rahardi (2005:17))

Carane Nyuguhake Dhata

Cara nyuguhake asil andharan lan njentrehan dhata ing panliten iki yaiku kanthi wujud laporan observasi ngenani lageyane P lan pananggape Mt sajrone TTTT tumrap warga Desa Balong, Desa/Kec. Gerih, Kabupaten Ngawi. Tata cara nyuguhake asile njlentrehane dhata yaiku kanthi cara informal. Cara informal yaiku menehake jlentrehan dhata kanthi nggunakake tembung-tembung sing lumrah (*a natural language*), dudu awujud

tandha, rumus, cekakan, lan wacahan. Saka korpus dhata kang wis dipantha-pantha adhedhasar lageyan lan pananggape, sabanjure dijlentrehake lan diandharake(Sudaryanto (2015:241)).

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Bageyan iki diprinci dadi telu, yaiku: (1) andharan lan jlentrehane paniten, (2) asile panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten.

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Subbab Andharan lan jlentrehane dhata iki diprinci dadi loro, yaiku ngenani lageyane panutur lan pananggape mitra tutur ing tindak tutur takon temporal sing dilaksanakake warga Dusun Balong, Desa Gerih, Kecamatan gerih, Kabupaten Ngawi. TTTT ditindakake panutur dene mitra tutur menepi pananggap arupa wangsulan, kang dumadi satengahe pacaturan adhedhasar konteks.

Lageyane Panutur ing tindak tutur Takon Temporal

Lageyane panutur ing TTTT diperang dadi papat, yaiku kanthi cara: blaka langsung, blaka ora langsung, ora blaka langsung, ora blaka ora langsung. Saka papat jinis lageyan kasebut digayutake karo isine yaiku makna temporal. Makna temporal sajrone tuturan minangka wewates isine tuturan gayutan karo: tuturan wektu (*speech time*) karo rujukan (*referench time*), serta rujukan wektu (*referense time*) karo tindakan (*act*) (Smith, 2006: 93). Tuturan takon temporal bisa ditengeri saka isine kang nyatakake wektu wingi, saiki lan/utawa tembe.

1) Lageyan panutur blaka langsung

- (1) P : Lagu taun kapan iki?
Mt : Jaman esde. Ning dirungakne panggah penak wae.
P : Lagu mbiyen malah penak-penak lho.
Mt : Iya, saiki lagune alay-alay.
JKL-UE-SESS→JKL-UE-SESS/ RKncC-R/PU-WB
- (2) P : Jam pira iki kok wes leren?
Mt : Ngopi, dhisik.
P : Kerja yahmene kok wis leren
JKL-UT-SESD→KL-UE-SESD/RKrgC-R/PM-WA

- (3) P : Dijupuk kapan iki?
Mt : kula mbalik malem taun baru, menawi saged saderenge niku sampun dados.
P : Iya, bisa-bisa.
Mt : Iya, matur nuwun, Lek.
JKL-UT -SESD→UE-JKL-SESS/RTngA-OR/PM-WA

Dhata pacaturan (1) P nglaksanakake TTTT kanthi cara blaka langsung. Cara blaka digunakake supaya Mt bisa gampang ngerteni maksud tuturan. Tuturane P nyatakake takon wektu. Tembung kapan kasebut ngener menyang wektu kang wis dumadi utawa wektu ‘wingi’, yaiku lagu kang lagi dirungokake.. Yen dibeber, tuturane P wujud pitakon kang ditandhani karo tembung sesulih pitakon ‘kapan’ wektu kang ngener marang lagu kang nate kondhang jaman mbiyen. TTTT (1) nggunakake cara langsung, yaiku ditujokake langsung marang Mt tanpa lumantar wong katelu. P lan Mt padha-padha nggunakake basa ngoko, jalaran kekarone nduwe umur sapantaran lan kanca cedhak kang raket.

Dhata (2) TTTT ditindakake TTTT kanthi blaka langsung. Unine P ‘jam pira iki kok wis lere?’ ditujokake marang anake. Panandha ‘jam pira’ nuduhake takon wektu kanthi panjangka jam ngener saiki ing tindakan leren. TTTT (2) iki klebu beda, karana tuturane P ngemu pasemon utawa nyindir. Bisa diweruhi ing wangsulane Mt ‘ngopi dhisik’, nandakake yen paham maksude P. TTTT (2) klebu cara langsung karana ditujokake langsung menyang Mt. antarane P lan Mt nduwe sesambungan kaluwarga cedhak kang raket.

Dhata pacaturan (3) P nglaksanakake TTTT kanthi blaka langsung kanggo mestekake wektu mt njupuk kalmbine. Cara blaka digunakake Mt supaya tuturane gampang dingerteni Mt. tuturane P mangkene “(klambine) dijupuk kapan iki?” yen dibeberake ngemu surasa ukara pitakon. Panandha sesulih pitakon “kapan” negesake takon wektu kang ngenere menyang njupuk klambi sesok. Tuturane P ngener menyang tumindak kang bakal teka, sawise pacaturan. Nalika dumadine pacaturan, Mt menehake bakal kain lan dadine sawise pacaturan. Tuturane P nduwe panjangka dina, dudu wulan utawa taun karana salumrahe nggawe klambi mbutuhake wektu

sedina utawa rong dina. TTTT (3) nggunakake cara langsung, karana tuturan ditujokake tanpa lumantar wong liya. Panganggone basa P ngoko, dene Mt nggunakake krama karana nduwe umur luwih nom lan nduwe sesambungan kaluwarga adoh ora raket.

2) Lageyane panutur Blaka Ora Langsung

- (4) P : Takonke Tarom, Jam pira awit ngelebi engke?
Mt : Iya.
KL-UT-SESS→KL-UE-SESS/RKrC-R/PM-WA

- (5) Mt : Khotim wis pirang taun ning Hongkong, Mbaok?
P : Takona Ali dhewe kana. Kurang pirang taun?
Mt : rumangsaku kok wis suwi, ta.
JKW-UT-SESS→JKW-UT-SESS/RKrgC-R/PU-WA

- (6) P : Tandur gene sawahe dhewe bagean dina kapan?
Mt : Embuh.
P : Takona Mbak Sum.
Mt : Iya, engko taktakonke
JKL-UT-SESS→JKW-UT-SESS/RKrgC-R/PM-WA

TTTT (4) P takon wektu miwiti arep ngelebi, kaya ing tuturan ‘Jam pira awit ngelebi engke?’. Yen dibeberake, panganggone tembung ‘Takonke Tarom’ panandha takon kasebut ora ditujokake kanggo Mt. Panganggone tembung ‘jam pira’ dadi panandha takon wektu kanthi panjangka sedina utawa 24 jam, kang ngener marang suwene ngelebi sawah kang wis ditindakake. TTTT (4) nduwe tujuwan mesthekake wektu kanggo miwiti ngeleb. TTTT (4) diandharake kanthi ora langsung, tegese ditujokake marang wong liya lumantar Mt yaiku ditujokake marang ‘Tarom’. Pacaturan dhata (4) antarane P lan Mt padha-padha nggunakake basa ngoko, senjata umure ora sapantaran nanging nduwe sesambungan kanca adoh kang raket.

Dhata (5) P nglaksanakake TTTT kanthi blaka ora langsung kanggo nyatakake takon wektu pirang taun Khotim ning Hongkong. Cara blaka digunakake P supaya Mt gampang ngerteni karepe. Tuturan takone P ana ing tuturan kaloro, “takona Ali dhewe kana, Kurang pirang taun?”, ngemu surasa ukara pitakon kanthi tetengere “pirang taun” kanggo nyatakake takon wektu panjangka tahun marang suwene tumindak, yaiku Khotim menyang Hongkon. Cara ora langsung digunakake karana tuturan

ditujokake menyang wong liya lumantar Mt. Basa tuturan ngoko karana kekarone nduwe sesambungan kaluwarga cedhak kang raket senjata Mt luwih tuwa.

Dhata TTTT (6) ditindakake kanthi cara blaka ora langsung kanggo nyethakake kapan tandur. Cara blaka tegese ngandharake tuturan kanthi apa anane. Panganggone tembung ‘kapan’ dadi panandha takon wektu antuk bagean tandur wektu sesok. TTTT (6) diandharake kanthi ora langsung, tegese ditujokake marang wong liya, kabukten panganggone tembung ‘Takona Mbak Sum’ panandha takon kasebut ora ditujokake kanggo Mt. Pacaturan dhata (6) antarane P lan Mt padha-padha nggunakake basa ngoko, karana umure sapantaran lan sesambungan kanca adoh kang raket.

3) Lageyane Panutur ora Blaka Langsung

- (7) P : Omahmu iki ana nek rong puluh taun, ya Lik?
Mt : Ya punjul. Ana nek telung puluh taun.
P : Lagi dibubrahi saiki.
Mt : Bisane lagi saiki.
JKL-UT-SESS→JKL-UT-SESS/RTngC-R/PM-WA

- (8) P : Gak nggene Heri, Pin?
Mt : Mrana.
P : Budhal saiki apa engko bengi pisan?
Mt : Engko dhisik wae, Mus.
JKL-UE-SESS→JKL-UE-SESS/RKrgA-R/PU-WA

- (9) P : Genanku kirimana lemah sakrit wae, Rip!
Mt : Nggih, Lek, mbenjing kula pundhutaken
KL-UT-SESD→KL-UE-SESD/RTA-OR/PU-WA

Dhata (7) TTTT ditindakake kanthi ora blaka langsung kanggo nyatakake wektu nggawe omah. Cara ora blaka digunakake supaya gampang mahami karepe P. Mangkene tuturane P kapisan “omahmu iki ana nek rong puluh taun ya, lik?”, tuturan kasebut ngemu surasa ukara carita kang isine pangira-ira P. Yen dipahami isine, tuturane P kapisan ngandhut pitakon kapan nggawe omah sarta pira umure omahe Mt. Tembung ‘wis’ dadi panandha yen tuturan ngandhut wektu kang wis kliwat utawa mbiyen ngener madege omah. Mt menahi wangsulan yen omahe kira-kira telung puluh taun, tegese olehe nggawe omah telung puluh taun kapungkur. TTTT (7) nggunakake cara langsung karana ditujokake langsung menyang Mt. Tuturan P lan Mt nggunakake basa ngoko

merga umure padha-padha tuwa sarta nduwe sesambungan tangga cedhak raket.

Dhata TTTT (8) nggunakake cara ora blaka langsung kanggo tujuwan menehi pilihan. Cara ora blaka digunakake supaya Mt nduwe pilihan. Tuturan ‘budhal saiki apa engko bengi pisan?’, ing tuturan kasebut nggunake pitakon alternatif kanggo menehi pilihan Mt budhal saiki apa engko bengi pisan. Makna Takon wektu ing TTTT (8) ditengeri ing panganggone “saiki” kasebut ngener acara jagong ing wektu saiki. Mt menehi wangsulan yen budhal buwuh engko bengi wae. Antarane P lan Mt nduwe sesambungan kaluwarga adoh kang raket lan umure sapantaran, kekarone nggunakake basa ngoko sajrone pacaturan.

Dhata (9) P nindakake TTTT kanthi cara ora blaka langsung. P nduwe keyakinan Mt bisa nampa maksud tuturane. Tuturane P ‘nggenanku kirimana lemah sarit wae, Rip’, ngemu surasa pangongkon kanggon takon wektu. Panandha wektu sesok bisa dingerteni ing maksude, P njaluk marang Mt ngirim lemah wektu tembe, kang ateges bise sesok, sesok emben utawa minggu ngarep. Saka konteks pacaturan P nduwe maksud nembung tuku lemah dene nek ngirim ing wektu tembe. Mt menehi wangsulan yen sesok bisa ngirim. TTTT (9) nggunakake cara langsung karena tuturan langsung ditujokake marang Mt. Tuturane P nggunakake basa ngoko, Mt menehi wangsulan kanthi basa krama kanggo ngormati P kang luwih tuwa, sesambungan kekarone ora raket.

4) Lageyane penutur Ora Blaka Ora Langsung

- (10) P : Jikin kae suwi gak tau mulih.
Mt : Kerjane adoh, Lek.
P : Gak tau mbok takoni ngono kuwi?
Mt : Ora Tau.
KL-UT-SESC→KL-UE-SESS/RTngC-OR/PM-WA
- (11) P : Mbak-mbak pondhok kok suwi men tekane. Celuken, Mus.
Mt : Ngawur.
P : Gak sabar pingin salaman iki.
KL-UE-SESS→KL-UE-SESS/RKncA-R/PM-WA
- (12) P : Nek pethuk Teguh, ya. Tolong omongana, kongkon nemoni aku sacepete.
Mt : Iya, Lek.
P : Jare arep mreng.
KL-UT-SESD→KL-UE-SESS/RTgA-OR/PM-WB

Dhata (10) TTTT ditindakake P kanthi ora blaka ora langsung. Tuturane P ‘Jikin kae suwi gak tau mulih.’ Isine takon wektu kapan ‘jikin’ mulih. Yen dibeberake, P nyatakake yen jikin kerjane adoh lan arang mulih sarta kapan jikin mulih. Takon kasebut ngener menyang wektu jikin kapan mulih bisa ditengeri ing tuturan kapisan ‘jikin kae suwi gak tau mulih.’ takon kasebut mung wujud pranyatan ora ngemu tujuwan liya-liya. Tuturan ing dhata (10) klebu cara ora langsung karena takon wektu ditujokake marang wong liya lumantar Mt. antarane P lan Mt padha-padha nggunakake basa ngoko, karena nduwe sesambungan kang raket. Mt isih nggunakake strategi kasopanan kanthi menehi wangsulan apa anane minangka kawigaten nanggepi tuturane P.

Pacaturan ing dhata (11) TTTT ditindakake kanthi nggunakake cara ora blaka. Cara ora blaka karena P ngerteni Mt bisa nampa apa kekarepane. Tujuwane P nindakake TTTT nduwe tujuwan nyatakake. Dhata (11) kasebut tuturane P nduwe wujud surasa crita kang unine ‘Mbakmbak pondhok suwi men tekane’. Panganggone tembung suwi nuduhake wektu, yaiku ngenani tekane mbak-mbak pondhok. Yen diudari dadi tuturan blaka P nindakake TTTT isine kapan tekane mbak-mbak pondhok. Konteks kang dumadi ing dhata (11) P lan Mt lagi nunggu tekane mbakmbak pondhok putri kang biasane silaturahmi ing omahomah warga nalika bada, dene kekarone ngenteni tekane. Dadi bisa didudut yen isine tuturan ngenani wektu ngener menyang tekane mbakmbak pondhok, tuturan ditujokake menyang Mt kang omahe cedhak pondhok lan saben taun mesthi diampiri. TTTT (11) ditindakake kanthi ora langsung, karena pitakon ditujokake menyang wong liya kanthi lantaran Mt. tuturane P lan Mt padha-padha nggunakake basa ngoko karena umur lan drajate padha sarta nduwe sesambungan kanca raket.

TTTT (12) diandharake kanthi cara ora blaka ora langsung. Cara ora blaka karena P nduwe keyakinan Mt bisa paham maksud. Ing tuturane P ‘Nek pethuk Teguh, ya. Tolong omongana, kongkon nemoni aku sacepete,’ isine ngongkon ngomongi ‘teguh’ methuki P.

panganggone tembung ‘nek pethuk’ ateges ora nuduhake P ngwajibake Mt pethuk, dadi P ora ngongkon Mt nggoleki Teguh. Panandha ‘sacepete’ ing tuturan kapisan nduweke P nuduhake wektu kang ngener menyang Teguh methuki P. TTTT (12) diandharake kanthi cara ora langsung karana ditujokake menyang wong liya lumantar Mt. Basane P ngoko dene Mt nggunakake basa krama, Mt umure luwih nom kamangka kudu menehi pakurmatan kanthi casa krama minangka strategi kasopanan.

Pananggape Mitra Tutur sajrone Tindak Tutur Takon Temporal

Pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur takon temporal arupa jawaban. Jawaban kabage dadi loro, yaiku: jawaban pituduh lan jawaban nylarasake. Jawaban Mt ngandhut surasa positif, negative lan ora weruh.

1) Pananggap Mt kanthi Wangsulan Nuduhake

- (13) P : Cah-cah mang bengi sampek jam pira?
Mt : jam loroan kayake.
UE-JKL-SESS→UT-JKL-SESC/RTngC-R/PM-WA

- (14) P : Ghozin kae lakya sapantaranmu ta?
Mt : ngisoranku rong taun, sabalatane Budi karo Perdik.
JKW-UT-SESS→JKL-UE-SESS/RKrgC-R/PU-WB

Dhata (13) TTTT digunakake nakonake wektu bubar kumpulane bocah-bocahngener wektu kang wis kliwat. Wangsulane Mt “jam loroan kayake”, yen dibeberake ngemu ukara carita kang sipate njangkepi kaweruh. Urut-urutane TTTT, P lan Mt padha-padha ngerti wingi bengi kanca-kanca mlumpuk, nanging P ora weruh bubarane karana mulih luwih dhisik, mula P takon. Mt ngerteni takone Mt, lan menehi wangsulan positif. Wangsulane Mt klebu wangsulan positif kang ateges nuwuhake kaweruh anyar tumrap P. Dhata (14) TTTT ditindakake kanggo takon Ghozin lulusan taun pira. Tataran TTTT (14) sepisan P lan Mt padha-padha ngerti Ghozin wis dewasa, nanging P ora ngerti pira umuire Ghozin lan ngira-ira kanthi menehi mbandhingake karo umure Mt. Wangsulan Mt “ngisoranku rong taun, sabalatane Budi karo Perdik”, yen dibeberake ngemu surasa warta. Miturut wujud, andharane Mt klebu jawaban negatif karana nampik isine tuturan yen Ghozin luwih nom rong taun saka umure Mt. P pungkasan weruh

umure ghazin kanthi ngelongi loro saka umure Mt. bedane dhata (13) lan (14) ana ing isine wangsulan kang nambahi weruh kanthi slaras karo isi tuturan lan nambahi weruh kanthi nampik isine tuturan.

2) Pananggap Mt kanthi Wangsulan Nylarasake

- (15) P : Herine sesok dadi manten, kowe kapan?
Mt : Sek durung khatam.
P : Ngenteni khatam, jenenge gak pasti.
JKL-UE-SESS→JKL-UE-SESS/RKncC-R/PM-WB

- (16) P : Omongna Uplong kenariku sida dijupuk gak?
Mt : iya.
P : selak takwehke wong liya, loh.
JKL-UE-SESC→JKL-UE-SESS/RKncC-R/PM-WA

Dhata (15) TTTT ditindakake kanthi cara blaka langsung kanggo, isine P takon temporal menyang Mt kapan rabi. Miturut kontekse, takone P ora ateges bener-bener takon nanging kanggo ngece. Wangsulane Mt nylarasake kanthi tuturan mangkene, :sek durung khatam.”, yen dibeberake saka tuturane wujud wangsulan weruh. Mt ngerteni tuturane P ora perlu ditenanani, nanging cukup diwangsul nylarasake indikasi ngandharake takon kanggo migatekake minangka strategi kasopanan. Dhata (16) TTTT dilaksanakake kanthi cara ora ora blaka ora langsung kanggo nyethakake kapan Umplong njupuk kenari. P lan Mt padha kenal karo Umplong. Saka tuturane P, mt ngerteni yen umplong titip kenari menyang P. Mt menehi wangsulan kanggo nylarasake karo janji yen bakal nyampekake pitakone P. Mt wis nglaksanakake strategi kasopanan kanthi ngiyani.

Asile lan Dhiskusi Panliten

Adhedhasar andharan lan jlentrehan ing dhuwur, asile panliten kang sepisan yaiku lageyane panutur sajrone TTTT satengahe pasrawungan kang ditndakake warga Dusun Balong, Desa gerih, kecamatan gerih, Kabupaten Ngawi kaperang dadi papat, ying antarane: lageyan panutur kanthi cara blaka langsung; lageyan panutur blaka ora langsung; lageyan panutur ora blaka langsung lan; lageyan panutur ora blaka ora langsung. Lageyan P sajrone TTTT dumadi karana daya pangribawane sumber, sumber kasebut asale saka ana kedadean. Sajrone tuturan Takon temporal ngemu

tujuan kaperang dadi papat, yaiku: nyatakake, nyethakake, mastekake, lan menehi pilihan. Slaras karo sing diandharake Fingo (2015) lan Carlotta (2007) yen saben tuturan takon saliyané nggoleh weruh uga ana kalane ngemu tujuan, kayata: perintah lan negesake. Ing TTTT nengenake bab isiné tuturan kang dumadi saka katrangan wektu lan kedadean, wektu minangka dununge kedadean. Temporal bisa ditemokake ing sakabehe lageyan TTTT.

Tuturan P ing lageyané TTTT ngandhut surasa pitakon wektu kang gayut karo sawijiné wektu dununge kedadean. Sawijiné kedadean lan kahanan manggon ing garis wektu kang sesambungan karo wektu saiki, dadi wektu dumadine pacaturan dadi punjere éneran wektu, yaiku: wektu kang wis kliwat (wingi), lagi kedaden (saiki), lan kang arep kelakon (tembe). Anané sumber kasebur narik kawigatane P kang pingin ngaweruhi kapan dumadine utawa meruhi wektune kedadean. Sakabehe TTTT ditindakake kanthi pocapan (*verbal*), panliti ora nemokake TTTT kang ditindakake kanthi solah (*nonverbal*). Tuwuhe niat nglaksanakake TTTT karena ana kedadean, kang sabanjuré bisa sumbere tuturan.

Pananggape mt arupa wangsulan kabage dadi loro, yaiku wangsulan nyatakake pituduh lan wangsulan nyatakake keslarasan. Wangsulan nyatakake pituduh dikandhakake kanggo tuturan takon kang bener-bener takon, ateges P durung jangkep kaweruhe ngenani kedadean ing kanyatan lan bisa dinalar. Sajrone wangsulan nyatakake pituduh bisa ditemokake wangsulan positif, negatif lan ora pasti. Wangsulan kang positif menehi owah-owahan ing pungkasané pacaturan ngenani kaweruhe P. dene negatif padha karo positif nanging asipat negasi kang sipate mbenerake. Dene, wangsulan ora pasti tegese wawasané Mt ora bisa mangsuli takon temporal kang dikandhakake, ateges kahanan akhir mbalek ing kaweruh sepisan yen P durung nemokake jawaban.

Panliten iki sipate njangkepi saka panliten sadurunge. Ing buku Abdul Syukur Ibrahim (1993) kanthi judhul “Kajian Tindak Tutur” ngandharake lan

njlentrehake konsep pragmatik lan njlentrehake tindak tutur saka pamawas kang amba. Panliten pragmatik kang dilaksanakake Danang Wijayanto (2012) ngenani tindak tutur Atur panuwun kang klebu sajroné tindak tutur ekspresif beda konsep lan trap-trapane karo tindak tutur takon temporal. Sabanjuré panliten kang dilaksanakake karo Aloni et, al (2007) ngenani pitakon sajroné pamawas semantik lan pragmatic ngrembug takon saka pamawas pragmatik kanthi rowa, luwih nengenaki studi kasus ing takon konfirmatif lan alternatif. Pungkasan bukune Robert (2015) Makalah ceramah ing konferensi Filsafat Bahasa ing New York sajroné Tindak Tutur, ing Hungaria taun 2013 lan dirampungake nalika dadi mahasiswa Magister ing European University, Budapest, Hungaria kang mligi ngrembug panganggane pitakon saka pamawas pragmatik ora ana topik mligi kang ngrembug takon wektu. Dadi panliten iki durung ana sing ngrembug kanthi jangkep sadurung-durunge, panliten ing kene kanggo ngerteni lageyané panutur lan pananggape mitra tutur ing tindak tutur takon temporal.

PANUTUP

Dudutan

Tindak tutur takon temporal minangka tindak tutur kanggo njaluk kaweruh jawaban wektu. Isiné pitakon sesambungan karo fungsi kang ngener menyang panjaluk wangsulan kang slaras. Reichenbach (1947) kala nandhani sesambungan antarane tuturan lan wektu lan rujukané wektu, sarta rujukan wektu lan kahanane wektu (Kamp lan Rachel (1993) sajroné Carlotta et, al (2007)). Tuturan kang ditindakake penutur nduwe lageyan kang dipantha dadi loro, yaiku: adhedhasar wujud tuturané lan adhedhasar tuturan ditujokake. Adhedhasar wujud tuturané kabage dadi loro, yaiku: blaka lan ora blaka. Lageyan adhedhasar tuturan ditujokake kabage dadi loro, yaiku: langsung lan ora langsung. Dhata panliten dijupuk saka pacaturan satengahe masarakat Dusun Balong, Desa Gerih, Kecamatan Gerih, Kabupaten Ngawi. Asil analisis dhata tindak tutur takon temporal ditemokake sakabehe lageyané panutur, yaiku: blaka langsung, blaka ora

langsung, ora blaka langsung, lan ora blaka ora langsung. Pananggape mitra tutur sajrone tindak tutur takon temporal kapantha dadi loro, yaiku: wangsulan pituduh lan wangsulan kaslarasan. Jawabne mitra tutur kabage dadi telu, yaiku positip, negatip lan ora menehi pepesthen.

Pamrayoga

Asil panliten iki isih wenates ngandharake asile lageyan lan pananggape ping tindak tutur takon temporal, dene implikatur durung diandharake. Kamangka proses implikasi kang mujudake proses mangerteni tuturan babagan kang wigati. Mula panliten tindak tutur takon iki bisa dirembakakake maneh ing babagan presuposisi, implikatur lan inferensine.

KAPUSTAKAN

- Agustin, Atik Dwi lan Musridyanto. 2013. *Tindhak Tutur Ngincim Kanggo Panjurung ing Panggulawenthah ing Desa Paciran, Kecamatan Paciran, Kabupaten Lamongan*. Universitas negeri Surabaya. Unesa Press.
- Aji, Amangku. 2003. *Kalimat Tanya Dalam Basa Jawa*. Skripsi: Program Sarjana Universitas Negeri Surabaya (ora diterbitake).
- Aloni, Maria, et. al. 2007. Question in Dynamic Semantics. Kumpulan jurnal penelitian Semantik lan Pragmatik, vol. 17. Netherland: Elsevier.
- Antunsohono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Djawa*. Djogjakarta: Penerbitan Soejadi.
- Cummings, Louise. 1999. *Pragmatik Sebuah Perspektif Multidisipliner (Jarwan)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Djajasudarma, T. Fatimah. 2010. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Cetakan katelu. Bandung: PT Refika Aditama.
- Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Hafner, Carole D. 2000. *Jurnal: Semantics of Temporal Queries and Temporal Data*. Boston: Northeastern Univercity Press.
- Ibrahim, Abd. Syukur. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya : Usaha Nasional.
- Moeloeng, Ilexy J. 2000. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nadar, FX. 2009. *Pragmatik dan Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Palmer, E. Richard. 1969. *Hermeneutika: Teori Baru Mengenai Interpretasi*. Diterjemahake Musnur Hery lan Damanhuri Muhammed. Cetakan II. 2005. Yogyakarta: Pustaka pelajar.
- Poedjosoedarma, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan
- Rahmat, Ahmad Sahrul. 2016. *Implikatur konvensional Simbolik Sajrone Tindhak Tutur ing Pamejangan Isbat ing Padhepokan Ilmu Sejati ing Kutha Surabaya*. skripsi. UNESA. ora diterbitake
- Smith, Carlota S. 2006. *The pragmatics and Semantics of Temporal Meaning*. Texas. Linguistics Societe Conference, ed.
- Sudaryanto. 1988. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.
- Sukesti, Restu. Dkk. 1988. *Kalimat Tanya Dalam Basa Jawa*. Bagian Proyek Pembinaa Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Yogyakarta (ora diterbitake).
- Sumarlam. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta. Pustaka Cakra Surakarta.
- Tadjuddin, Moh. 2005. *Aspektualitas dalam Kajian Linguistik*. Bandung : PT Alumni.
- Tim. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Pusat bahasa Diknas.
- Tim. 2009 A. 2013. *Bausastra*. Surabaya:Universitas Negeri Surabaya. Jurusan Basa lan Sastra Daerah (Jawa).
- Verhaar, J. W. M. 2012. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Yule, Goerge. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka pelajar.
- Wijayanto, Danang. 2012. *Tindak Tutur Atur Panuwun Ing Ing Desa Dermosari, Kecamatan Tugu, Kabupaten Trenggalek*. Journal arsip saka website: journalmahasiswa.unesa.ac.id diunggah taun 2012
- Pradana, Nino Gusdyan. (2015) *Tindak Tutur Janji Ing Dusun Krajan, Desa Ampel, Kecamatan Wuluhan,*

Kabupaten Jember. Journal arsip saka website:
journalmahasiswa.unesa.ac.id diunggah taun 2015.

Utama, Galuh Citra. 2015. *Tindak Tutur Ing Tuturan Ngajak Mawa Dhialek Surabayan Ing Dusun Tipis, Desa Pabean, Kecamatan Sedati, Kabupaten Sidoarjo.* Journal arsip saka website: *journalmahasiswa.unesa.ac.id diunggah taun 2015.*

Yuwono Purwa.2013. *Tindak Tutur Informatif Sajrone Khutbah Kebaktian Minggu Ing Greja Jawi Wetan.* Journal arsip saka website: *journalmahasiswa.unesa.ac.id diunggah taun 2013.*

Roberts, Craige.2015. *Speech Act ing Discourse Context.* Makalah ceramah ing konferensi Filsafat Bahasa ing New York sajrone Tindak Tutur, ing Hungaria taun 2013 lan dirampungake nalika dadi mahasiswa Magister ing European University, Budapest, Hungaria.

Vebriyanto, Danu Angga. 2015 *Teacher's Questions In Efl Classroom Interaction.* Dipublikasikake ing Journal Vision, Volume 4 Number 2, October 2015).

